

# BAB I

## BUBUKA

### 1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Kahirupan manusa teu bisa leupas tina kabudayaan, lantaran manusa téh miboga peran salaku mahluk budaya. Munculna kabudayaan téh lahir tina pamikiran-pamikiran manusa anu mingkin maju dina nyiptakeun hiji karya pikeun ngahontal kasampurnaan hirup. Ku ayana akal jeung pikiran, éta bisa ngabédakeun manusa jeung mahluk séjénna. Éta hal bisa katitén tina salasahiji sawangan ngeunaan wangenan kabudayaan nurutkeun Koentjaraningrat (1990, kc. 20), nya éta:

*“Kebudayaan menurut asal katanya berasal dari bahasa Sansakerta yaitu “ budhayah “ merupakan bentuk jamak dari “ budhi “ yang berarti budi atau akal. Jadi, kebudayaan itu adalah hasil budi atau akal manusia untuk mencapai kesempurnaan hidup”.*

Manusa téh salaku mahluk *“berbudaya”* miboga ide atawa pengaweruh nu jadi dadasar dina ngalaksanakeun laku lampahna. Hal éta pikeun nyiptakeun matéri kabudayaan sacara kelompok atawa individu. Katitén dina sababaraha sektor kahirupan, nya éta sektor agama, kaélmuan, pakakas hirup, organisasi sosial, bahasa jeung komunikasi sarta kasenian (Tumanggor, R., Ridho, K., Nurochim, 2010, kc. 14).

Tatar Sunda téh salasahiji wilayah di Indonesia anu kawentar beunghar ku rupa-rupa jenis kabudayaan nu aya di unggal wewengkonna. Masarakat Sunda nu geus nyiptakeun rupa-rupa kabudayaan, anu dihasilkeun tina olah pikir jeung kabiasaan-kabiasaan anu dilakukeun sacara tuluy-tumuly tur diwariskeun. Kajembaran budayana katitén tina ciri has sarta kaunikan séwang-séwangan. Di antarana aya kasenian degung, réog, calung, wayang jeung seni beluk. Kabeungharan budaya nu aya di tatar Sunda téh kudu dimumulé sarta dijaga eksistensina sangkan henteu kalindih ku jaman, utamana ku budaya séjén. Lantaran kiwari beuki majuna dunya téhnologi sarta masarakatna geus teu maliré kana budaya nu aya. Ieu hal saluyu jeung pamadegan Setiawan (2011, kc. 19), upamana kasenian-kasenian tradisional anu asli masih hirup séhat tur mekar di

sabudeureunana, éta kasenian téh bakal méré kontribusi kana kamekaran kasenian jeung kabudayaan nasional.

Koentjaraningrat (1990, kc. 2) nétélakeun, yén kabudayaan ngawengku tujuh unsur budaya sacara *universal*, nya éta: 1) sistem kepercayaan atawa religi, 2) sistem jeung organisasi masarakat, 3) sistem pangaweruh, 4) sistem basa, 5) kasenian, 6) sistem pakasaban, jeung 7) sistem téhnologi. Tina runtuyan unsur budaya di luhur, salasihijna nya éta kasenian. Kasenian moal bisa dipisahkeun tina kahirupan manusa, lantaran manusa mibanda ajén éstétika sewang-sewangan.

Kasenian téh mangrupa alat pikeun ngaékprésikeun ide-ide, ajén-ajén, cita-cita, jeung perasaan (Raga, 2007, kc. 38). Dina kahirupan masarakat mekar dua jenis kasenian, nya éta kasenian tradisional jeung kasenian modérn. Dina kasenian tradisional miboga sababaraha fungsi, nya éta pikeun sarana ritual, hiburan pikeun dirina sorangan jeung presentasi éstétis (Soedarsono, 2002, kc. 123). Kasenian tradisional lahir jeung mekar sacara turun-tumurun, ku kituna leuwih loba dipikaresep ku kaum kolot ti batan ku generasi ngora (Ekadjati dina Evi, 2011, kc. 2). Kasenian tradisional geus jadi ciri has budaya nu tanggu aya di unggal wewengkon. Di Tatar Sunda loba jenis kasenian tradisional, nu ragamna béda-béda di unggal wewengkon. Kasenian tradisional téh henteu ngan saukur dijadikeun media hiburan wungkul ku masarakat, tapi dijadikeun media ritual, hususna pikeun ngedalkeun rasa sukur kana hasil panén, sukuran nikahan, sukuran nalika kakandungan, jsb.

Sumedang salasihiji wewengkon nu aya di tatar Sunda, nu miboga slogan “Sumedang Puseur Budaya Sunda”, tangtuna jembar ku rupa-rupa kasenian tradisional. Salasihiji kasenian tradisional anu hirup di Sumedang, hususna di Désa Rancakalong Kacamatan Rancakalong, nya éta seni *beluk*. Seni *beluk* nya éta salasihiji seni sora dina maca carita wawacan, nu biasa dipintonkeun dina acara sukuran, nya éta nikahan, kakandungan, sunatan jeung ékahan, nu miboga maksud sangkan meunang barokah tina carita nu dibawakeun.

Seni *beluk* téh mimiti lahirna tina budaya masarakat tatanén (agraris), pikeun alat upacara (ritual) jeung alat komunikasi. Lantaran baheula tehnik/budaya tatanén urang Sunda umumna napak tina ngahuma. Ieu hal katitén tina pamadegan Wertheim dina bukuna *Indonesia Society in Transition*, masarakat

di Indonesia téh bisa dibagi jadi tilu tipe poko, nya éta masarakat huma, masarakat sawah jeung masarakat basisir. Masarakat Jawa Barat kaasup kana tipe poko masarakat huma (Danasasmita, 2003, kc. 38). Nalika ngahuma masarakat sok silih gorowok pikeun méré nyaho cicingna di mana, lantaran tempatna nu pajarah sarta pundah-pindah (henteu matuh). Salian ti éta kiwari di lingkungan masarakat Sunda sok aya paribasa *pajauh huma*. Di kahirupan sapopoé masarakat Sunda mah lamun aya dua budak anu paséa sok digeleneng ku indungna/kolotna maké paribasa bisi *pajauh huma*. Ieu paribasa téh hartina, nya éta pajauh babarayaan. Ieu hal katitén pisan yén kahirupan masarakat Sunda kiwari napak kana budaya ngahuma baheula.

Nurutkeun Nano S, dina buku *Dinas Kebudayaan Pariwisata Pemuda dan Olah Raga Kabupaten Sumedang* (2013, kc. 54), *beluk* asalna tina kecap *celuk* anu hartina ngageroan nu jauh, sabab patalina jeung kabiasaan masarakat huma nu tempatna pajauh kalayan ciri gawé sapopoéna pundah-pindah. Salasahiji fungsi *beluk* di jaman baheula, nya éta mangrupa alat komunikasi pikeun ngageroan jalma lianna. Hal ieu katitén tina pamadegan Sukanda dina Hendrawati (2011, kc.

1) ngeunaan fungsi seni *beluk*, nya éta:

*“Sebagai seni suara, Beluk mempunyai dua fungsi. Pertama sebagai penghibur diri dalam kesunyian, dan kedua untuk berkomunikasi dengan orang lain. Dalam kesunyian di tengah ladang atau di perjalanan yang sekitarnya hutan belantara, mereka bernyanyi menghibur diri dan sebagai tanda untuk memberitahukan kepada orang lain atas kehadirannya di daerah itu”.*

Luyu jeung kamekaran jaman, seni *beluk* miboga fungsi nu asalna pikeun seni ritual, kiwari jadi fungsi hiburan. Dina prak-prakan magelarkeunna, ieu kasenian dipintonkeunna teu maké panggung jiga pagelaran nu lianna, tapi di buruan anu boga sukuran atawa di jero imah. Dina pintonan kasenian *beluk* biasana sok kapanggih rupa-rupa sasajén di antarana: congcot mulus, puncak manis, jsb.

Seni *beluk* anu aya di Sumedang kaayeunakeun geus mimiti kalindih ku kasenian modérn. Pasualanana dibalukarkeun ku heureutna pangaweruh masarakat Sunda hususna generasi ngora kana éta kasenian. Lantaran kiwari jenis hiburan anu ceuyah, saperti acara-acara musik dina tv/radio, sinetron, jsb. Salian

éta beuki majuna téhnologi jeung alat komunikasi, ku ayana *internet* jeung *handphone*. Salasahiji kasenian tradisional di jaman modérn geus ampir tumpur, nya éta seni *beluk*. Padahal lamun diteuleuman deui, dina seni *beluk* téh miboga ajén-inajén anu acan kaguar, ti mimiti asal-muasalna, prak-prakanan jeung sasajénna. Ajén-inajén anu nyampak dina seni *beluk* téh salahsahijina dina rupa-rupa simbol. Ari anu disebut simbol téh nya éta lambang atawa cicirén (Danadibrata, 2009, kc. 639). Nurutkeun Sudaryat (2010, kc. 21), yén anu disebut téori tanda jeung simbol téh leuwih umum disebut téori sémiotik, nya éta élmu anu maluruh rupa-rupa sistem tanda. Ku kituna ku panalungtik baris dikaji dumasar ulikan sémiotik.

Sémiotik nya éta salasahiji élmu atawa métode analisis anu maluruh sagala hal ngeunaan tanda (Sobur, 2013, kc. 15). Istilah sémiotik asal kecapna tina basa Yunani, nya éta semeion anu hartina nya éta tanda (Isnendes, 2010, kc. 57). Simbol atawa lambang mangrupa salahsahiji kategori tanda (*sign*). Nurutkeun Peirce (dina Sobur 2003, kc. 157), tanda (*sign*) téh dibagi tilu rupa nya éta ikon (*icon*), indéks (*index*) jeung simbol (*symbol*).

Saupama geus kapaluruh maksud-maksud nu nyangkaruk dina seni *beluk*, tangtu urang bakal mikanyaho tujuan jeung ajén-inajén nu luhung nyampak dina seni *beluk*. Salian ti éta masarakat bisa mikanyaho kana struktur nu aya dina seni *beluk* jeung semiotik anu aya dina seni *beluk*, sarta dipiharep masarakat leuwih mikareueus jeung ngamumulé sarta ngamekarkeun kasenian tradisional nu aya di lingkunganana.

Sanajan aya tarékah ti masarakat jeung ti pihak pamaréntah ngeunaan pentingna ngamumulé kabudayaan, hususna di tatar Sunda, tapi kanyaataanna mah éta tarékah téh acan nyugemakeun. Malahan masarakat, hususna generasi ngora loba nu ninggalkeun jeung teu minat kana kasenian tradisional. Sabab, generasi ngora ayeuna leuwih mikaresep kana hiburan-hiburan jeung kasenian nu modérén nu disajikeun dina media éléktronik, saperti tv, radio jeung internet. Ku kituna, tarékah pikeun ngajaga sangkan kasenian tradisional teu tumpur, nya éta kudu diwanohkeun ka generasi ngora di tengah-tengah kahirupan modérn. Salasahiji tarékahna nya éta diwanohkeun dina dunya atikan nu resmi, nya éta dina lembaga sakola.

Susi riska kelana, 2015

**SENI BELUK DI DESA RANCAKALONG KACAMATAN RANCAKALONG KABUPATEN SUMEDANG  
PIKEUN BAHAN BANGAJARAN MACA BAHASAN DI SMA KELAS XII**

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Ku kituna, ieu kasenian téh dipiharep bisa dijadikeun bahan pangajaran di sakola. Ngaliwatan ieu pangajaran generasi ngora baris wanoh kana kasenian tradisional hususna seni *beluk* nu aya di Désa Rancakalong Kacamatan Rancakalong Kabupatén Sumedang. Lian ti éta generasi ngora ogé miboga karep jeung motivasi pikeun ngamumulé kabudayaan nu aya di tatar Sunda.

Panalungtikan saméméhna nu eusina ngeunaan seni *beluk* téh geus aya nu ngalaksanakeun, tapi dina pedaranana jeung baris nu ditalungtik ayeuna mah béda pisan ambahanana. Skripsi nu nalungtik ngeunaan seni *beluk*, nya éta nu judulna “Perkembangan Kesenian Beluk di Kecamatan Darmaraja Kabupaten Sumedang Tahun 1966-1998: Suatu Tinjauan Sosial Budaya, ku Weli Rahayu (2010)”. Salian éta aya ogé anu nu nalungtik ngeunaan kasenian tradisional lainna diantaranya, “Ajén Budaya dina Kasenian Gaok di Désa Kulur Kabupatén Majalengka pikeun Pangajaran Maca di SMA Kelas XII”, ku Ida Aridah (2013); “Kasenian Bring-Brung di Kalurahan Ledeng Kacamatan Cidadap Kota Bandung pikeun Bahan Pangajaran Maca di SMA (Ulukan Struktural-Sémiotik)”, ku Dwi Komarasari (2013), jeung réa-réa deui.

Tina pedaran di luhur panalungtikan ngeunaan struktural jeung sémiotik anu aya dina seni *beluk* tacan aya nu nalungtik. Ku kituna ieu panalungtikan nu judulna “Seni Beluk di Désa Rancakalong Kacamatan Rancakalong Kabupatén Sumedang pikeun Bahan Pangajaran Maca Bahasan di SMA Kelas XII (ulukan struktural jeung sémiotik) “ perlu dilaksanakeun.

## 1.2 Rumusan Masalah

Dumasar kana kasang tukang anu geus diébrehkeun di luhur, sangkan anu jadi masalah dina ieu panalungtikkan teu lega teuing ambahanana, masalah-masalahna baris dirumuskeun ieu di handap.

- 1) Kumaha asal-muasal (kaasup peran jeung fungsi) seni *beluk* di Désa Rancakalong Kacamatan Rancakalong Kabupatén Sumedang?
- 2) Kumaha struktur (prosesi pagelaran) seni *beluk* di Désa Rancakalong Kacamatan Rancakalong Kabupatén Sumedang?
- 3) Unsur sémiotik naon waé nu aya dina seni *beluk* di Désa Rancakalong Kacamatan Rancakalong Kabupatén Sumedang?

Susi riska kelana, 2015

**SENI BELUK DI DESA RANCAKALONG KACAMATAN RANCAKALONG KABUPATEN SUMEDANG  
PIKEUN BAHAN BANGAJARAN MACA BAHASAN DI SMA KELAS XII**

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

- 4) Naha hasil panalungtikan seni *beluk* di Désa Rancakalong Kacamatan Rancakalong Kabupatén Sumedang bisa dilarapkeun kana bahan pangajaran maca bahasan di SMA kelas XII?

### 1.3 Tujuan Panalungtikan

Tujuan dina ieu panalungtikan dibagi jadi dua bagian, nya éta tujuan umum jeung tujuan husus.

#### 1.3.1 Tujuan Umum

Luyu jeung kasang tukang sarta rumusan masalah, ieu panalungtikan miboga tujuan umum, nya éta pikeun meunangkeun gambaran ngeunaan seni *beluk* di Désa Rancakalong Kacamatan Rancakalong Kabupaten Sumedang.

#### 1.3.2 Tujuan Husus

Tujuan husus dina ieu panalungtikan nya éta pikeun nganalisis jeung ngadéskripsikeun hal-hal ieu di handap.

- 1) Asal-muasal (kaasup peran jeung fungsi) seni *beluk* di Désa Rancakalong Kacamatan Rancakalong Kabupatén Sumedang.
- 2) Struktur (prosesi pagelaran) seni *beluk* di Désa Rancakalong Kacamatan Rancakalong Kabupaten Sumedang.
- 3) Unsur sémiotik seni dina *beluk* di Désa Rancakalong Kacamatan Rancakalong Kabupatén Sumedang.
- 4) Ngalarapkeun hasil panalungtikan seni *beluk* di Désa Rancakalong Kacamatan Rancakalong Kabupaten Sumedang pikeun bahan pangajaran maca bahasan di SMA kelas XII.

### 1.4 Mangpaat Panalungtikan

Luyu jeung rumusan masalah nu geus dipedar di luhur, ieu panalungtikan miboga mangpaat tioritis, kawijakan, praktis, jeung aksi sosial.

#### 1.4.1 Mangpaat Tioritis

Sacara tioritis ieu panalungtikan dipaharep bisa ngeuyeuban jeung nambahan pangaweruh katut informasi, sarta dina widang kasenian tradisonal Sunda, ngeunaan seni Beluk hususna maluruh struktural-sémiotik anu nyampak

dina Seni *beluk* di Désa Rancakalong Kacamatan Rancakalong Kabupatén Sumedang.

#### 1.4.2 Mangpaat Kawijakan

Seni *beluk* anu aya di Kabupatén Sumedang mangrupa warisan budaya daérah. Ieu kasenian geus hirup jeung mekar di Kabupatén Sumedang, sarta geus diaku jeung geus jadi tanggung jawab pamaréntah pikeun ngariksa sarta ngamumulé kabudayaan nu aya di Kabupatén Sumedang, salasihijina ku cara ngadokumentasi, ieu hal dilakukeun nya éta pikeun inventaris kabudayaan di Kabupatén Sumedang. Sakumaha dina salasihiji amanat penting Peraturan Bupati No.113 tahun 2009, ieu di handap.

*“dengan melakukan berbagai dokumentasi nilai-nilai budaya Sunda dengan membuat tradisi literasi yang kuat.”*

Ku kituna ieu hasil panalungtikan dipiharep bisa jadi inventaris budaya nu aya di Kabupatén Sumedang, sangkan jadi sumber informasi, pangaweruh jeung ngahudang kasadaran masarakat ngeunaan kabudayaan Sumedang. Lian ti éta sangkan pamaréntah leuwih méré panitén kana kabeungharan budaya anu aya di Kabupatén Sumedang.

#### 1.4.3 Mangpaat Praktis

Sacara praktis ieu panalungtikan dipiharep miboga mangpaat pikeun sababaraha pihak, diantarana:

- 1) pikeun panalungtik, dipiharep bisa mikanyaho leuwih teleb ngeunaan kasenian tradisional nu aya di daérahna sorangan, hususna seni *beluk* anu aya di Désa Rancakalong Kacamatan Rancakalong Kabupatén Sumedang;
- 2) pikeun guru, hasil panalungtikan bisa ngeuyeuban pangaweruh dina ngamekarkeun bahan pangajaran maca bahasan;
- 3) pikeun siswa, bisa mikawanoh kasenian tradisional nu aya di lingkungan sabudeureunana;
- 4) pikeun masarakat, dipiharep ieu panalungtikan bisa numuwuhkeun kasadaran kana pentingna ngamumulé kasenian tradisional, hususna seni *beluk* nu aya di Désa Rancakalong Kacamatan Rancakalong Kabupatén Sumedang.

#### 1.4.4 Manfaat Aksi Sosial

Ieu panalungtikan dipiharep bisa jadi informasi jeung gambaran ngeunaan kumaha struktural-sémiotik anu nyampak dina seni *beluk* di Désa Rancakalong Kacamatan Rancakalong Kabupatén Sumedang. Sarta pikeun bahan pangrojong sangkan kamotivasi dina usaha ngamumulé kasenian tradisional Sunda nu aya di Kabupatén Sumedang.

#### 1.5 Raraga Tulisan

Raraga nulis miboga fungsi pikeun méré gambaran ngeunaan léngkah-léngkah nyusun laporan dina wangun skripsi. Sacara gurat badag dina nyusun skripsi kabagi jadi lima bab, anu bisa diwincik saperti ieu dihandap.

Bab I eusina medar ngeunaan kasang tukang panalungtikan, jeung rumusan masalah, tujuan panalungtikan anu dibagi jadi tujuan umum jeung tujuan husus, mangfaat panalungtikan anu dibagi jadi mangfaat tioritis, mangfaat kawijakan, mangfaat praktis jeung aksi sosial, sarta raraga nulis skripsi.

Bab II eusina ngajéntrékeun ngeunaan téori-téori nu ngadadasaran panalungtikan, sarta posisi masalah nu ditalungtik dina widang paélman. Ieu bab disebut dasar tioritis atawa kajian pustaka, anu eusina panalungtik ngabandingkeun sarta matalikeun masalah nu ditalungtik jeung téori-téori, sarta hasil panalungtikan nu geus aya saméméhna.

Bab III eusina medar ngeunaan métode panalungtikan anu dipaké dina panalungtikan, nyaéta ngawengku métodé panalungtikan, lokasi panalungtikan, téhnik ngumpulkeun data, téhnik ngolah data, instrumén panalungtikan, sumber data, jeung wangenan oprasional.

Bab IV eusina ngeunaan analisis data jeung pembahasan hasil panalungtikan dumasar kana patalékan anu aya dina rumusan masalah, anu saterusna dipatalikeun jeung téori-téori dina bab II.

Bab V eusina mangrupa kacindekan jeung saran atawa rékoméndasi pikeun panalungtikan saterusna. Kacindekan mangrupa jawaban tina daftar pertanyaan nu aya dina rumusan masalah. Saran atawa rekomendasi ka pihak-pihak anu aya



patalina jeung hasil panalungtikan, pikeun panalungtikan nu rék dilaksankeun saterusna.